

PENYAIR tua itu seperti diantarkan oleh angin ketika datang ke rumahku. Tiba-tiba, ia mengetuk pintu dan berdiri di depan rumah. Aku terkejut dengan kehadirannya. Apalagi selama tiga bulan terakhir, aku mendengar ia sedang tidak sehat.

“Pak Sapardi?” sahutku.
“Aku kangen main ke rumahmu,” balasnya. “Aku boleh main, kan?”

Aku dan Pak Sapardi berteman cukup lama. Aku pertama kali bertemu Pak Sapardi pada acara diskusi di universitas tempatnya mengajar sepuluh tahun lalu. Sebagai orang yang lebih tua dariku, ia sama sekali tidak segan untuk mendengarkan dan berdiskusi bersama. Apalagi setelah aku menjadi redaktur kolom budaya harian lokal di Jakarta, aku dan Pak Sapardi acap berdiskusi.

Aku segera mengajaknya masuk. Ia santai duduk di sofa rumah. Aku kemudian menawarkan minuman kepadanya. Seperti biasa, Pak Sapardi meminta teh tawar yang acap dibuatkan oleh istrinya. Aku lantas menyuruh istriku membuatkannya pula.

“Kok tidak memberikan kabar dulu kalau mau main,” tandasku kepadanya.

“Aku sengaja kok,” jawabnya tenang. “Sudah lama aku tidak main dan berbicara denganmu.”

“Tubuh Pak Sapardi sudah lebih sehat?” Aku bertanya.

“Ya, sudah lebih baik,” jawabnya. “Orang tua itu mudah lemas. Tapi ini sudah jauh lebih enak daripada kemarin.”

“Tapi walau Pak Sapardi sudah tua, hasrat berkarya masih muda,” jawabku sedikit bercanda. “Buku Bapak semakin banyak di toko buku.”
“Aku ingin menulis hingga maut datang,” balasnya tersenyum. “Doakan aku agar dapat menulis hingga maut menjemput, ya.”

Aku mengamati air muka Pak Sapardi. Wajahnya tampak segar. Aku tidak menemukan jejak apapun

mengenai sifat loyo dari tubuh tua yang sering digembor-gemborkan oleh orang-orang seumurannya. Aku bahkan tidak melihat sejengkal wajah seseorang yang baru saja dirawat di rumah sakit.

“Bapak sedang menulis buku apa?” tanyaku lagi. “Buku puisi, cerpen, novel, kritik sastra, atau semuanya?”

Pak Sapardi tertawa mendengarkan pertanyaanku. Gelak tawanya cukup kencang, hingga dapat merontokkan tulang di tubuh kurusnya.

Obituarium Penyair Tua Cerpén Risda Nur Widia



ILUSTRASI JOS

“Mana mungkin aku bisa menulis semua jenis buku itu,” pekiknya. “Tapi aku ke sini memang ingin menunjukkan empat puisi baruku. Semoga kau mau membacanya.”

“Aku jelas tidak bisa menolak, Pak.” Aku antusias. “Siapa yang tidak ingin menjadi pembaca pertama karya Pak Sapardi?”

“Kau selalu rendah hati, Mas,” ucapnya.

“Aku belajar hal itu dari Bapak,” timpalku.

Pak Sapardi menyerahkan puisi yang sudah ditulisnya. Aku membacanya dengan tekun. Pada setiap puisi yang aku baca, seperti puisipuisinya yang ditulis pada masa tua, beliau lebih banyak menulis mengenai kematian.

“Bagus, Pak,” tanggapku apa

adanya. “Bila boleh aku ingin memuatnya untuk edisi Minggu.”

“Kamu beneran mau memuatnya?” tanyanya terkejut.

“Dengan senang hati, Pak,” jawabku menyeringai.

“Ah, ya, sebuah puisi obituarium dari penyair tua.”

“Obituarium?”

“Lupakan!”

Pak Sapardi akhirnya menyetujui kalau empat puisinya akan dimuat di lembar kebudayaan koran. Aku begitu tidak sabar menayangkan puisi dari penyair hebat yang sudah menjadi idola sejak muda itu.

Dua hari kemudian, pada hari minggu, ketika telah menayangkan puisinya di lembar koran, aku mendengar kabar duka itu datang. Istriku mengatakan kalau Pak Sapardi baru saja meninggal semalam di rumah sakit. Aku yang mendengarnya jelas tidak percaya. Apalagi dua hari lalu, ia datang ke rumah.

“Kau jangan bercanda,” kataku.

“Aku juga tidak percaya,” balas istriku.

Aku segera menanyakan kabar itu kepada teman-teman penulis lainnya. Aku lantas menemukan

jawaban yang sama seperti apa yang dikatakan oleh istriku. Aku bahkan mendapatkan kabar kalau sejak lima hari lalu, ia sudah koma dan diduga akan lekas berpulang.

“Benar,” tandasku pening. “Pak Sapardi semalam meninggal.”

Aku terduduk di ruang tamu dengan pikiran bingung. Aku sulit memercayai apa yang terjadi. Apalagi dua hari lalu, ia datang ke rumah dengan wajah sehat. Tapi ketika mendapati kabar kalau pada hari yang sama ia sedang koma, aku sulit memercayainya. Di tengah perasaanku yang kacau, aku berpikir, apa ini yang ia maksud ingin terus menulis hingga maut menjemputnya? □o

*)**Risda Nur Widia**. *Alumnus PB-SI UST (2010). Kini sedang menempuh kuliah PBSI Pascasarjana UNY.*

MEKAR SARI

PANGLIPURE para takziyah tetep wae ora bisa njalari atiku seneng. Senajan tanpa tangis ngrerintih, nanging luhku tansah mili tanpa kendhat. Tangisku ambrol kaya dhadhale Wadhuk Sempor. Rasane atiku kasepen. Senajan jeneng lair, rejeki, jodho, lan mati kuwi kabeh rasiane Gusti Allah, nanging rasane isih durung bisa nampa nalika ujug-ujug kelangan bojo.

Mbok menawa, kaya ngene iki kang diarani kelangan ati separo. Pancen, bojo utawa garwa, sigaraning nyawa.

Dudu sanak dudu kadang, nanging yen mati awake dhewe melu kelangan. Apamaneh, aku lan Mas Yudi kuwi wis urip bebarengan rongpuluh taun, pas setengah umurku.

Nanging kabeh mau kaya disendhal. Kondur dhines seminggu nang luar kota awake panas dhuwur, nganti telung ndina durung mudhun-mudhun. Digawa nanggon dhokter banjur didhawuhi mondhok. Ngendikane dhokter, Mas Yudi kena dhemam berdharah. Lan HB-ne tansaya mlorot. Kamangka kaya-kaya pungkasan ketemu ana sing arep dingendikakake.

ESUK kuwi aku bali ngancani ana rumah sakit. HB-ne durung stabil, isih munggah medhun, nguwatiri. Senajan kandha awake krasa rada kepenak, aku ngerti menawa Mas Yudi goroh. Mung ora pengin aku kuwati.

“Rin, apuranen aku...,” pratelane karo nyekeli tanganku lan banjur di-arasi.

“Lho, ora ana udan ora ana angin kok njaluk ngapura, ngapa ta?”

“Aku tansah gawe susah lan repotmu...”

“Mas, njenengan ki gerah. Wis dadi kuwajibanku jeneng sisihan kuwi ngumat yen sing siji lara. Dadi kuwi ora gawe repot... Menawa nganti aku lara, rak ya gentenan ta, Mas...”

Mireng aturku, Mas Yudi mesem. Nyawang aku sedhela nanging mripate banjur nyawang ndhuwur, kaya-kaya ana sing dipikir. Tangan sing isih nyekeli tanganku tak culke, nalika krungu ana bel tilpunku muni.

“Ana apa, Pak Hartono mbutuhke

bantuanmu?”

“Ora, Mas. Mung iki nakokke *file-file* sing tak simpen, Aryatin ora ngerti, dadi aku kudu ngandhani. Ana ngendi aku nyimpen *hard-file* lan *soft-file*. Untung kabeh mau aku apal. Dadi ngandhani Aryatin ora repot. Lan ya kebeneran, Aryatin senajan kena diarani sekretaris yunior nanging bocah kuwi lantip. Dadi tak tinggal ya ora pati kethetheran.”

Embuh seka pengaruh obat, Mas Yudi kaya-kaya banjur merem. Mbok menawa wae ngantuk merga obat, lan



Nalika Layon Diangkatke

Dening: Fadmi Sustiwi

pancen uga kudu akeh ngasone. Kekeselen njalari gampang kena virus utawa bakteri, kekeselen uga njalari dayane awak kurang lan banjur gampang kena penyakit.

Rongpuluh taun aku bebrayan, nanging Gusti Allah ora maringi turunan. Wis bola-bali ngupadi nanging mbok menawa Gusti pancen during paring amanah jeneng anak. Senajan mengkana, antarane aku lan Mas Yudi ora tau ngrembug babagan kuwi. Apamaneh banjur kembar putrane Dhik Yuda, adhine, kang diparingke supaya dimong. Mula Antin lan Andin ngertine bapak-ibune ya aku lan Mas Yudi. Aku uga ora tau piye-piye senajan menawa priksa dhokter mbiyen, dhokter tansah ngandharake ora ana masa-

lah ana rahimku. Nanging kabeh tak gawe semeleh, tresnaku marang Mas Yudi ngalahke kabeh mau.

Luhku netes. Kelingan menawa ana mburiku ana sing ngراسani jejer wanita gabug, ora normal, lan sapanunggalé. Nanging kabeh ora tak rewes, senajan nglarani ati.

“Ngapa nangis? Apuranen aku Rina Yuwanti, aku salah gedhe marang sli-ramu...”

“Ana apa ta Mas, wis saiki ngaso dhisik. Mengko tak gugah yen wis arep dhahar awan. Ngaso ya...”

“Sliramu gelem ngapura aku yen ana apa-apa?”

“Mesthi, Mas. Gedhene sepira salahmu, bakal tak apura...”

Mas Yudi bali nyawang eternit kamar. Banjur nyawang aku, kaya-kaya arep ngandhakake bab sing abot. Aku ora nggraita apa-apa, sing arep dingendikakake.

Eman, aku dilimpekke. Sore bubar tak sibin, aku mulih sedhela. Lha nalika ora ana sing ngancani, Mas Yudi ngedrop lan bablas ditimbal ana ngarsane Gusti Allah. Lan durung sida ngendika sing marahi bola-bali nyuwun ngapura.

“IBU,layonipun Bapak sampun badhe dipun angkataken dhateng sareyan. Mangga miyos, nguntapaken kaliyan maos Tahlil,” ature Antin lan Andin kang banjur

nggandheng tanganku metu seka njero ngomah. Tak sawang nalika didongakake Pak Kaum, sing manggul pethi jenazah ana Dhik Yuda lan kanca-kan-cane. Dene ragile Dhik Yuda, Anton sing ana ngarepe nggawa fotone Mas Yudi.

“Bapaaaaakkkkk!” Ujug-ujug ana bocah udakara limang taun nubruk fotone Mas Yudi kang digawa Anton, karo nangis. Kabeh padha mlenggak, maspadakake bocah lanang kang uwal seka gandhengane wanita kang lagi wae teka, manganggo sandhangan sarwo ireng. Kang njalari kagetku, rupane bocah mau, jan ceples banget karo Mas Yudi. Balungku kaya dilolosi, sanalika aku ambruk. □o

(minomartani, tengah Juli 2020)

Oase

TRIMAN LAKSANA - MUNGKID

PAMERAN MATA AIR

tak ada lagi yang mengalir hanya cerita yang terdengar desah nafas memajang dalam sepi meninggalkan tanda

suara milik bumi dikubur dalam-dalam bersama prasasti berdiri tegak menantang zaman

SEKERAT UBI REBUS

ah, begitu mewahnya pemandangan mata tajam menatap meja makan hanya tersisa harapan

SECANGKIR KOPI

tak ada lagi rasa tersisa hitungan pahit yang berjarak warna tak lagi berwarna hitam dari penantian waktu

masih sama terpendam permainan segera terselesaikan dalam sekali angkat menghabiskan sisa semangat

SETELAH HUJAN ITU

cukup sudah di tepian rasa sambil menimang suasana

air mata manalagi akan tumpah menggenangi bumi yang basaha

sementara banyak hati membeku dalam perjalanan ditenggelamkan waktu

: meski tetap menyisakan pelangi

TIDURLAH SEJENAK

jika ingin mencari setangkai kembang temuilah bantal yang empuk di sana terletak dunia begitu luas

meski matahari sudah di tepian pagi kembali menatap dalam mata mimpi siang hari akan membasuh duka sebagai bagian pelarian sejenisak

jangan mencari kenyataan mungkin bukan hari ini menggali cerita tentang kemakmuran akan membuat hati kian terbakar untuk itu, tidurlah sejenisak

DI DALAM ISTIGHFAR

menjaga jarak yang berjarak sampai kapan akan berhenti pada titik penuh misteri tetap sama dari keterasingan keadaan

seakan semua menjadi penyebab peradaban berakhir runtuh

batas antara bayang-bayang hanya sekilas tanpa bekas memburu keterbatasan nurani hilang bersama kepasrahan

Padhepokan Djagat Djawa, Magelang 2020

*) **Triman Laksana, menulis dalam bahasa Jawa dan Indonesia.**

Bukunya sudah terbit : *Sepincuk Rembulan (2014), Menjaring Mata Angin (2015), Jejak Pertiwi (2018).*

Juga mengelola Gubug Literasi Padhepokan Djagat Djawa. Tinggal di Mungkid. Magelang.

NASKAH untuk Rubrik Budaya SKH *Kedaulatan Rakyat* dikirim ke email budaya.kaer@gmail.com, disertai biodata singkat penulis. Cerita pendek tak lebih dari 6.000 karakter. Terima kasih. **(Redaksi)**

Pedhalangan

Rama Ditututi Wong Akeh

“**ALA** temen watake Dewi Kekayi iku. Wong urip sing mung mbujung butuhe dhewe. Golek menange dhewe. Kena duwe pepenginan anake dadi ratu ing Ayodya, nanging kudune bisa mawas dhiri. Gelem nampa kanyatan kang ana. Mesa-kake temen Raden Rama. Dadi kurbane wanita srakah,” ngendikane Prabu Sriwahan, nanggapi citrane Resi Mayangkara.

“Upami Prabu Dasarata boten tumindak grusa-grusu, boten thukmis utawi ora kena weruh bathuk klimis, boten badhe wonten kadadosan menika. Nanging kados pundi? Tiyang yen pinuju gandrung menika adhakanipun lajeng kesupen. Priksa wu-juding Dewi Kekayi ingkang sulistya ing warna, imane boten kiyat, penggalihipun lajeng kuwur, netrane bawur. Ing mangka Prabu Dasarata menika sampun kagungan garwa prameswari. Sampun peputra, ing tembe ginadhang dados ratu. Saking banget anggene gandrung kapingangu, Dewi Kekayi kalamar, menapa panyuwunipun dipunturuti. Boten kemutan yen piyambake niku mung anak mantu. Paribasan anggene dadi ratu mung nunut kamuktené garwa, inggih menika Sang Dewi Raghu utawi Dewi Sukasalya. Kamangka Raden Rama menika putranipun Dewi Raghu,” ature Resi Mayangkara.

“Wah, gayeng iki. Sabanjure priye, Sang Resi?”

Resi Mayangkara nutugake citrane, “Dipuntundhungipun Raden Rama saking kadhaton Ayodya ndadosaken boten remene para nayaka (panuntun, pan-

garep), para wadyabala, tuwin para kawula Ayodya. Kathah nayaka, wadyabala saha kawula Ayodya ingkang sami nututi tindakipun Raden Rama, Dewi Sinta, tuwin Raden Laksmana. Ing antawisipun wonten pepatih ing Ayodya; Ki Patih Reksapraja. Ki Patih kala wau kawiyos ucapipun makaten; Raden, kesangeten sanget Sinuwun Prabu Dasarata menika dhateng panjenengan. Sang Prabu nundhung panjenengan amargi nuruti panyuwunipun Dewi Kekayi. Asor sanget penggalihipun Dewi Kekayi menika. Mikantukaken putra pribadi murih sagedipun jumeneng ratu, ancik-ancik kasangsaraning liyan.”

Resi Mayangkara mandheg sedhela. Sawise unjal napas, sigra nutugake ature, “Kanthi polatan sumeh, Raden Rama ngendika, Wa Patih, kula suwun boten perlu sedhih amargi kula tilar manjing wana. Onya utawi kesah kula saking praja menika ngestokaken dhawuhipun Kangjeng Rama Prabu, ingkang kula anggep mujudaken kanugrahan ageng. Wajibipun anak menika kudu ngestokake dhawuhing bapa, jer bapa menika ingkang minangka lantaran tumitah lair wonten ing marcapada, lan ingkang njalari anak nger-tos keblat sekawan: lor-kidul kulon-wetan. Bapa ingkang nggulawenthah anak sarta rumeksa murih kalis ing bebaya. Ageng sanget sihipun Kangjeng Rama dhateng kula. Pramila kula boten wegah nindakaken dhawuhipun. Langkung sae pejah tinimbang mbadal dhawuhipun bapa.”

(Mulyantara)-o



“**Onya utawi kesah kula saking praja menika ngestokaken dhawuhipun Kangjeng Rama Prabu...,” ngendikane Raden Rama.**